JARE JACKSEN F TIAGO/ DEKE TERO NGOPTIMAI NO PEMAIN KABEH// LHA FORMASI PEMAIN SING APE DIDOKNO MONGSOH PELITA KS/ TANGGAL SEWELAS APRIL ENGKOK JACKSEN WIS DUWE GAMBARAN/ KAREK NGEDOKNO PEMAIN SING BENER-BENER SIAP//

ABDUL ROZAK/ JIV//

SLUG : PENGGAGALAN
ACARA : PK AWAN
JUDUL : PENDUDUK SUKODONO SIDOARJO GEGER SELEBARAN GELAP
TANGGAL : 5 APRIL 2004
PRESENTER

MASIO ISUK MAU COBLOSAN LANCAR/ MAENG BENGI/ PENDUDUK SUKODONO/ SIDOARJO/ SEMPAT GEGER// GORO-GORONE/ ONOK DELUWANG BODONG/ ALIAS SELEBARAN.GELAP/ SING DAK JELAS ASALE TEKOK ENDI// SELEBARAN IKU ISINE NGAJAK PENDUDUK OJOK SAMPEK NYOBLOS POLITISI BOSOK// OJOK MILIH CALEG SING KORUPSI UTOWO CALEG SING BEJAT MORALE//

PKG

BUPATI SIDOARJO WIN HENDRARSO/ NGOMONGNO MASALAH IKU/ SAKMARINE DEWEKE NYOBLOS/ NDEK TPS MAGERSARI/ SIDOARJO/ MAENG ISUK// WIN NYOBLOS BARENG BOJONE/ BUK EMI SUSANTI//

BUPATI WIN NJELASNO/ DELUWANG SING DISEBARNO WONG SING DAK JELAS ASALE IKU/ SA'IKI DISITA PULISI SIDOARJO// SEBAB/ PENDUDUK SUKODONO RUMONGSO BINGUNG// DELUWANG IKU RESMI TEKOK PEMERINTAH/ OPO ANGGAK//

WIN HENDRARSO BUPATI SIDOARJO

IN :
OUT :

DELUWANG BODONG IKU/ JARE WIN/ TERMASUK UPOYO NGGAGALNO PEMILIHAN UMUM// DELUWANG IKU KLEBU TEROR// MULANE/ WIN MRENTAHNQ ANAK BUAHE/ SUPYO ATI-ATI/ DAK GAMPANG DIPROFOKASI WONG UTOWO DELUWANG-DELUWANG BODONG SING DAK JELAS ASALE//

JACK HARYANTO / BAGUS PRIYONO// JTV

SLUG : PENCURIAN1
ACARA : PK
JUDUL : MBUJUKI VALAS RP 18 MILYAR DICEKEL-SBY
TANGGAL : 6APRIL04

PRESENTER :

MBUJUKI DUWIK WOLULAS MILYAR REPES / DICEKEL POLISI
POLWILTABES SUROBOYO// MIKE ANGGRAENI SIJAYA / SING WIS SUWE
DITELEKI POLISI / DICEKEL NANG RESTORAN TERKENAL NANG DAERAH
GUBENG// MIKE DDAKWO MBUJUKI WONG PAPAT / CARANE DODOLAN
VALAS//

-----PKG-----

MIKE / WONG WEDOK ANAK SIJI SING MANGGON NANG LEBAK INDAH
SUROBOYO IKI / DICEKEL POLISI POLWILTABES SUROBOYO/ MARI
DIREPOTI WONG PAPAT/ YOIKU YUDI AGUSTINUS/ YULIANA/ SIAU
HENDRO / AMBEK NOOR IRFANSAH / SING NGAKU DIPLOKOTO MIKE /
PETANG MILYARAN REPES//

KEDADEAN IKU MAUNE MIEKE AMBEK DJONI / BOJONE/ SING MINGGAT
SAIKI DITELEKI POLISI / MBUKAK USAHA DODOLAN VALAS/ PT EQUAL
PRIMA INDONESIA UTOWO PT EPI SAKJEGE / TAON RONGEWU LORO//
TERUS DEK-E ENTOK LANGGANAN PAPAT / SING AKHIRE MADULNO MIKE
NANG POLISI//

DUWIK SING WIS DIKEKNO WOLULAS MILYAR / RENCANA E APE
DITUKOKNO DOLAR AMERIKA UTOWO SINGGAPOR// TAPI SAMPEK SAIKI
GAK ONOK BUKTIE// MIKE NGAKU DUWIK IKU DIGAE USAHA LIYO/ POLAE
SAK DURUNGE PT EPI RUGI NEM MILYAR REPES//

JERENA DEK-E DIBUJUKI WONG PAKISTAN JENENGE MISTER KARO /
WAKTU TRANSAKSI VALAS// TAPI MARI DOLAR DIKEKEI CEK REPES/
NJEKLEK KOSONG UTOWO GAK ISOK DICAIRNO// MIKE TEROS NGGAE
DUWIKE LANGGANANE MAU GAE USAHA LIYO/ NIATE CEK DUWIKE
PEKPOK/ TAPI MALAH JEMBUK//

YASMAN ADI/ ERWAN SETIONO JTV//

SLUG : GOLKAR
ACARA ; PK
JUDUL PARTAI GOLKAR KAGET NDELOK KASILE COBLOSAN—SBY
TANGGAL ; 6APRIL04

PRESENTER :

KASIL SUORO SEMENTARA PEMILU/ NGAGETNO // POLAE MUNCULE
PARTAI TELU ANYAR / SING ISOK SAINGAN ENTOKE SUORO AMBEK
PARTAI LAWAS//

PKG

KASIL SEMENTARA ENTOKE SUORO TEKO KPU KOTA SUROBOYO/ PARTAI
GEDE LIMO SING NGUASAI YOIKU PDIP/ PKB/ PARTAI DEMOKRAT/ PARTAI
DAMAI SEJAHTERA/ AMBEK GOLKAR//

KASIL IKU NGAGETNO PARTAI LAWAS SING OCOL ELEKTORAL TRESHOLD
NDISIKI // SALAH SIJIE PARTAI GOLKAR// JARE ERICK TAHALELE/
SEKRETARIS DPC GOLKAR SUROBOYO/ FENOMENA PEMILU IKI PALING
APIK//

ERICK NGAKONI MUNCULE PARTAI ANYAR / KOYOK PARTAI DEMOKRAT/
PARTAI DAMAI SEJAHTERA / AMBEK PARTAI KEADILAN SEJAHTERA / SING
SUOROE ISOK SAINGAN AMBEK PARTAI LAWAS/ DADI BUKTI URIPE
DEMOKRASI//

FENOMENA IKU DIBARENGI KULINOE WONG-WONG SING NGELEM TOKOH
SENENGANE// PERKORO IKI RODOK NDR-AWASI NEK MILIH CALEG / POLAE
WONG-WONG KENAL CALEGÈ TEKO PARPOL SING DIPILIH // SAK LIYANE
IKU PEMILIHAN CALEG SETITIK PENGARUHE NANG PILIHAN PRESIDEN//

DADI PARTAI LAWAS/ AMBEK KONDISI KOYOK NGENE IKI GOLKAR GAK
WANI TARGETE KEMONCOLEN// TAPI ERICK YAKIN PARTAINE SIK ISOK
ENTOK KURSI NANG DPRD KOTA SUROBOYO//

NOVA SARI/ BASRI AFANDI JTV//

SLUG : KEBAKARAN
ACARA : PK AWAN
JUDUL : PABRIK MINYAK KLENTIK KOBONG -SBY
TANGGAL : 6 APRIL 2004

PRESENTER :

PABRIK MINYAK KLENTIK SUMBER URIP/ JALAN BIBIS SEPOLOH TANDES
SUROBOYO MAU ISUK KOBONGAN// GENI GEDE IKU NGENTEKNO
BANGUNAN GUDANG PRODUksi SING OMBOE PETANGPOLOH METER MAL
SUWIDAK METER/ NGGON NGGILING KOPRA AMBEK KEMIRI//
-----PKG-----

UNTUNGE NANG KOBONGAN IKU GAK QNOK SING MATEK/ POLAE
RONGATOS BURUHE SIK TAS MLEBU ISUK IKU/ MARJ PREI PEMILU//
~~MONTOR-KLONENG PITU TEKO PASAR TURI/ WIYUNG/ AMBEK~~
MARGOMULYO GANTIAN NELESI BANGUNAN SING KOBONGAN IKU//

SAYANGE PETUGAS MONTOR KLNENG RODOK KANGELAN MATENI GENI/
POLAE SELANG MONTOR-KLONENG GAK ISOK MATENI GENI NANG NJERO
BANGUNAN AMREK KANGELAN NGGOLEK BANYU//

JARE MOCHAMAD KASTUR/ CV SUMBER URIP IKI KOBONG WIS PENG
PAPAT/ LHA SAIKI SING PALING NEMEN/ POIAE BAHAN BAKU SING
KOBONG NANG GUDANG PRODUksi RODOK ANGEL DIPATENI//

MOCHAMAD KASTUR (WARGA PAKAI BASA JAWA BOS)

IN :

OUT :

SEMENTARA POLISI POLRESTA SURABAYA UTARA AMBEK POLSEK
TANDES/ TERUS NGUSUT KOBONGAN IKU// DIPERKIRAKNO POLAE
GESEKANE TUMPUKAN KOPRA AMBEK KEMIRI SING AKEHE TON-TONAN//
SAMPEK BRITA IKI DIDOKNO/ PETUGAS MONTOR KLONENG SIK TEROS
MATENI GENI//

BAGUS PRIYONO/ TINA UTARI AMBEK LUKMAN ARIF// JTV

SLUG : FAJAR
ACARA : PK
JUDUL : SERANGAN FAJAR SAK DURUNGE COBLOSAN-SBY
TANGGAL : 6APRIL04

PRESENTER :

SEDINO SAK DURUNGE PEMILU/ MAMBU ONOKÉ SERANGAN FAJAR GAE CALON PEMILIH// YOIKU NGEKEDI DUWIK CEK WONG SING DIKEKI DUWIK IKU NYOBLOS PARTAINE // ANGGEPAN IKU JÄRENE ONOK PENGARUHE NANG KASILE COBLOSAN //

-----PKG-----

MASIYO DURUNG ISOK DIBÜKTIKNO AMBEK PANWASLU KOTA SUROBOYO/ TENERAN ONOKÉ SERANGAN FAJAR DIAKONI KETUA DPC P-TIGA/ WAHID HARYANTO // TENERAN IKU TEKO ONOK PAMLET CEK WONG-WONG ATI-ATI NEK DIKEKI BARANG UTOWO DUWIK//

JARE WACHID/ SERANGAN FAJAR IKU ONOK PENGARUHE NANG KASIL ENTOKE SUORO PARTAI// TAPI WCHID DURUNG WANI MASTEKNO PARTAI SING MELOK IKU//

SEMENTARA SEKRETARIS DPC GOLKAR SUROBOYO/ ERICK TAHALELE NGAKONI ONOKÉ SERANGAN FAJAR IKU// DEKE NGONANGI SALAH SIJI PARTAI SING NGLAKONI AKSI IKU NANG DÄPIL SIJI / LORO/ AMBEK LIMO// SERANGAN IKU NGEDUM SEMBAKO AMBEK DUWIK SING DISELIPI TULISAN NGONGKON MILIH PARTAINL//

NOVA SARI/ BASRI AFANDI JTV//

SLUG : RSSA
ACARA : POJOK KAMPUNG/P7
JUDUL : AGIT TPS KHUSUS NDEK RSSA MALANG
TGL : 6 APRIL 2004

PRESENTER:

AGIT TPS KHUSUS/ DISEDIAKNO NDEK RUMAH SAKIT SAIFUL ANWAR
MALANG//UTAS TPS GAE PERO PEGAWENE RSSA/ AMBEK AUD TPS
KELILING GAE PERO PASIEN// SEMENTARA IKU/ YO DITEMUKNO
PENUNGGU PASIEN/ SING WIS NGGOWO KERTAS SUARA// KUDUNE KERTAS
SUARA IKU GAK OLEH UTEM TEKOK TPS//

PKG

IKI LHO KEADAANE PAS PUNGUTAN SUORO WINGI NDEK RUMAH SAKIT
SAIFUL ANWAR MALANG// AUD TPS KELILING DISEDIAKNO GAE PERO
PASIEN// PERO PETUGAS YO KETOK NGEWANGI PERO PASIEN/ GAE
NYOBLOS// LHA GAE KARYAWANE RSSA/ YO DISEDIAKNO TPS KHUSUS/
DADI GAK GANGGU KERJO E//

ONOK LIMANG ATUS PASIEN/SING KUDU DILAYANI TPS KELILING IKU//
PORO PETUGAS TPS KELILING IKU/ UBLEM TEKOK RUANGAN SIJI NANG
RUANGAN LIYANE// GAK ONOK ALANGAN SING BERARTI NDEK PROSES
COBLOSAN WINGI IKU//

TAPI ONOK UTAS PASIEN / PAS DIKONGKON NYOBLOS/ KEADAANE RODOK
GAK SADAR/ TAPI KUDU TETEP DIKONGKON NYOBLOS// DADI KETOKANE
PASIEN NYOBLOS SAK KENEK E AE// SAK LIYANE IKU YO ONOK
KEDADEAN SING LUCU/ YO IKU WONG SING NUNGGONI PASIEN/
DIKONGKON NYOBLOS/ POLAE DIKIRO IKU PASIEN NE SING LORO// DADI
SUARANE IKU YO DIANGGEP GAK SAH/ POLAE SALAH UWONG//

SEMENTARA IKU/ YO ONOK UTAS KASUS/ YO IKU IBU PENUNGGU PASIEN/
SING WIS OLEH KERTAS SUORO// PADAHAL KUDUNE/ KERTAS SUORO IKU/
GAK OLEH UTEM TEKO LOKASI TPS// TEKOK INFORMASI SING ONOK/ IBU
IKU ENTOK KERTAS SUORO IKU TEKOK PETUGAS TPS NDEK ENGENE/
SING ONOK NDEK DESO KIDAL KECAMATAN TUMPANG/ KABUPATEN
MALANG//

PAINI – PENUNGGU PASIEN (JAWA-INDONESIA)

IN :
OUT :

SEMENTARA IKU/ PERO PEGAWENE RSSA YO KETOK LEGO TENAN// POLAE
ISO NGEKEKI HAK E GAE NYOBLOS SUORO/ MASIO GAK NINGGAL
TUGASE//

GALUH CANDRA / AMIN THOHARI / JTV//

SLUG : MIEKE
ACARA : PK AWAN
JUDUL : TERSANGKA VALAS COKOT PAMEN POLDA JATIM-SBY
TANGGAL : 7 APRIL 2004

PRESENTER :

MIEKE ANGGRAENI/ TERSANGKA PENIPUAN VALAS SING AKEHE
WOLULAS MILYAR REPES/ NANG PEMERIKSAAN LANJUTAN NYOKOT
SALAH SIJNE PAMEN POLDA JATIM// AKIBATE INVESTASI SING
DITAWARNO PAMEN IKU/ TERSANGKA NGAKU RUGI SUWELAS MILYAR
REPES//

-----PKG-----

TERSANGKA NGAKONI KELAKUANE PAS DIPRIKSO NAG PEMERIKSAAN
LANJUTAN WINGI AWAN NANG POLWIL TABES SUROBOYO// WONG
WEDOK SING UMURE 36 TAON IKU NYOKOT JENENGE WONG LORO/
YOIKU PERWIRA MENENGAH SING INISIALE S-Y AMBEK GATOT/
PENDODOK JALAN SIAK/ WONOKROMO//

SAKMARINE PT EPI NGALAMI RUGI ENEM MILYAR/ MIEKE DITAWARI
GATOT AMBEK PAMEN IKU MAENG Gawe INVESTASI TUKUANK
GUARANTEE NANG JAKARTA SING GEDENE SII KOMA LIMO MILYAR.
REPES/ TAPI SAK MARINE DIPRIKSO NJEKETEK BANK IKU MAENG PALSU//
INVESTASI LIYANE YOIKU BANK GUARANTEE INTERNASIONAL SING
GEDENE TELUNG MILYAR REPES/ SING TIBAKE YO PALSU PISAN//

MIEKE/ WONG WEDOK ANAK SUI IKU SIK TETEP PERCOYO PAS GATOT
NJALUK DUWIK SEKET EWU DOLAR SING JARENE Gawe NGURUS KELORO
BANK GUARANTEE IKU MAENG/ MERGO LEK WIS DICAIRNO ISOK OLEH
BATHI TELUNG ATUS MILYAR// TAPI SAMPEK SAIKI SIK DURUNG JELAS
JLUNTRUNGE//

PAMEN POLDA IKU SAIKI BINGUNG MERGO DIUBER-UBER/AMBEK
NASABAH SING DIRUGEKNO//TAPI DEK-E MALAH SEMPET NAWARI BISNIS
IWAK BEKU NANG NASABAH-E SING BATHINE GAK KALAH GEDE AMBEK
VALAS// NJEKETEK BISNIS IKU MAENG BANGKRUT PISAN// MIEKE NGAKU
RUGI NANG BISNIS VALAS SING DILAKONI AMBEK PAMEN IKU / SAMPEK
SEWWELAS MILYAR REPES//

YAZMAN ADI/ ERWAN SETIONO/ JT'V//

SLUG ; BACOK IR - PERPUSTAKAAN UNIVERSITAS AIRLANGGA
ACARA ; POJOK NGALAM /BORGOL
JUDUL ; PUJIANTO MBACOK SEKELE OJOBE
TANGGAL ; 7 APRIL 04
PRESENTER :

SAKING TOWOK-E DIAJAR AMBEK PUJIANTO/ LUSIA AMBARWATI.OJOBE
PUJIANTO POREK NANG HAMURE WONG TUWONE// PAS DIRUJUK /
AMBARWATI GAK GELEM/ PUJIANTO SENG KROSO MANGKEL/ LANGSUNG
NEKAT MBACOK SEKEL TENGENE OJOBE AMBEK CLURIT //

KEDADIAN KEBACOKE AMBARWATI IKI JAM SONGO BENGI / YOIKU
DISEBABNO AMBEK MANGKELE PUJIANTO NANG OJOBE KARO MANGKEL
ANG KELUARGANE OJOBE IKU// PUJIANTO WEKTU IKU SAMBANG/ DUWE
KAREP NGEJAK RUJUK//

TAPI AMBARWATI AMBEK KELUARGANE GAK NGEREKEN/ POLAE ATINE
SEK KROSO LORO // SOYO SUWE GAK DIREKEN/ PUJIANTO MANGKEL//
ATINE PUJIANTO MBED~~E~~PK GAK KARUAN//
LHA PAS NYEPAK-I WEDANG/ PUJIANTO LANGSUNG MBABAT AMBARWATI
AMBEK CLURIT// UN'TUNGE SENG KEBACOK SEKEL TENGENE/ GAK
NGANTEK NGENEK-I AWAKE//

KROSO KENEK ENCEM PIJANTO/ KELURGANE AMBARWATI LAPORAN
NANG SILUP// AKHIKE PUJIANTO ISO KELEKET// PAS DIPRIKSO/ PUJIANTO
NGAKU/ MANGKEL AMBEK AMBARWATI/ POLAE WES ENEM ULAN PISAH-
PISAHAN/ TAPI PAS DIJAK BALIK GAK NGEREKEN//

PUJIANTO // TERSANGKA (indonesia ... jawa)
IN ;
OUT ;

POLAE LUKAK—NEMEN/ AMBARWATI SENG DUWE ANAK SIJI IKI/ KUDU
DIRAMOT NANG RUMAH SAKIT// LHA PUJIANTO/ KEPEKSO DITAHAN NANG
MAPOLSEK JABUNG GAE DIPRIKSO//.

AMIN THOHARI / JT'V

SLUG : BIRU PGRI
PROGRAM : PK AWAN
JUDUL : GREEN FORCE NGAWAN AKHIRNYA TREN
TANGGAL : 7 APRIL 64

PRESENTER :

AREK-AREK PERSEBAYA / ERICK QUREH PADA LIGA 1 NARASI TREN
IKI DADI SANGGU GAT NGAGET KUWET, JUMLAH KONDANGE PELITAS KS
MINGGU ENGGOK.

MRAI IRE BEJO SUGIAN TORO ANTHON HENDRO KARTIKO TEKO TIMNAS
PRA PIALA DUNIA/ NAMIRAH KERENATAN PILOESDAYA// LORO-LORONE
APE DIMAGNO NANG KOTA CHI LACON MONGSOH FELITA KS TANGGAL
SEWE LAS APRIL ENGGOKA

OPO MANEH MANAJEMEN PERSEBAYA NARGET OLEH POIN PITU// SALAH
SIUNE NGGONDOL POIN TEKO PIUTA KS MANGKANE NANG LAPANGAN
PERSEBAYA/ AREK-AEK // GREEN FORCE TROS UTEN PENYELESAIAN
AKHIR NANG NGAREP GAWANG

FORMASI THE WINING LAMINA NG PERU ANDIRGAN TUR-E ENGGOK/
MANAJEMEN MARDET CHI ATAU DUGUH POIN NANG PELITA KS/ PERSLIA
JAKARTA AMBEK PSS SELALU SEDIH AMBALI KONDISI PEMAIN
PERSEBAYA SAAT LAGI MULAI APET MASIVO SAK WULAN PREI
PEMILU.

ABDUL ROZAK ZAMRI MI PUTRA LAKOGI ITVA

SLUG : PENADAH
ACARA : PK
JUDUL : SIJI MANEH SING MANEH BPKB DICEKEL-SBY
TANGGAL : 8 APRIL 2004

PRESENTER :

MAU AWAN POLISI RESKRIM POLWILTABES SUROBOYO / NYEKEL SIJI
MANEH SINDIKAT PEMALSUAN BPKB// FERI DICEKEL NANG OMAHE /
DAERAH KEDURUS // AREK IKI YO KULINO NRIMO BARANG COLONGAN //
-----PKG-----

NIADE POLISI MBONGKAR JARINGAN PEMALSUAN BPKB SAMPEK_OYOT-
OYOTE / PANCEN APIK TEMEN // MARI NYEKEL WONG TELU SING
DIDAKWO MALSU BPKB / MAU AWAN NYEKEL FERI// AREK UMUR SONGO
LEKOR TAUN IKI / DUWE TUGAS TELEK KENDARAAN COLONGAN / ALIAS
TUKANG TADAH //

AMBEK JATMIKO/ FERI SING MANGGON NANG KEDURUS GANG LIMO IKI /
WIS AKEH NUKU MONTOR COLONGAN // KOYOK SING SAIKI DISITA POLISI
/ YOIKU KIJANG NOMER POLISI N-2619-UB/ AMBEK L-2907-L// TERUS JIP
HANTER KELIR ABANG NOMER POLISI L-1023-CG//

MONTOR MONTOR IKU TUKUNE MURAH / POLAE GAK ONOK SURAT
SURATE // KOYOK JIP HANTER REGANE CUMAK NEM JUTA REPES / TAPI
NEK WIS DIGAWEKNO SURAT SURAT PALSU / REGANE ISOK PAYU SEPOLO
SAMPEK LIMO LAS JUTA RIPIS //

POLISI NJALUK WONG WONG SAIKI LUWIH ATI-ATI TUKU MONTOR
TWEDEHAN // TERUTAMA KUDU NELITI DISIK SURAT BPKB AMBEK STNK-E
// POLAE SAIKI TAMBAH AKEH SINDIKAT PEMALSUAN SURAT SURATE
MONTOR // RONG MINGGU IKU / NANG SUROBOYO DICEKEL WONG WOLU
ANGGOTA SINDIKAT PEMALSUAN BPKB IKI //

YAZMAN ADI / ERWAN SETIONO/ JTV//

SLUG : PDIP JEBLOK
JUDUL : SUORONE PDIP NANG LAMONGAN JEBLOK – LAMONGAN
PROGRAM : PKA
TAYANG :
8 APRIL 04

PARTE SING DUWE LAMBANG ENDAS BANTENG IRENG AMBEK CONGOR
POTIH KEJEGLONG NDUK LAMONGAN/ AKHIRE SAMPEK SAK IKI JEK ONOK
NANG URUTAN SING KE PAPAT/ NDUK NISORE PKB/ PAN/ AMBEK
GOLKAR//

PKG

PANCENE WIS ISOK DIPETONG SAK DURUNGE NEK PKB BAKAL ISOK TETEP
MENTERENG NANG URUTAN PERTAMA NDUK PEROLEHAN SUORO NDUK
LAMONGAN// NYATANE PENCEN BENER/ PKB SAK NGGAK NGGAK'E
SAMPEK WINGI ENTOK SUORO PALING AKEH/ YOIKU SATOS WOLONG
POLOH PITU EWU/ SATOS SELAWE SUORO// SUORO IKI DIKLONPOKNO
NDUK LIMANG DAERAH PEMILIHAN NDUK LAMONGAN//

LHA PDIP DEWE SING TAON 1999 NDUK URUTAN SING NOMER LORO/ SAK
IKI MLOROT NDUK URUTAN NOMER PAPAT/ SAK NISORE PAN PIMPINANE
AMIN RAIS/ AMBEK GOLKAR PIMPINANE AKBAR TANJUNG// PAN OLEH
SUORO 78 EWU/ LIMANG ATOS LOLEKOR/ GOLKAR OLEH 73 EWU/
NEMATOS PETONG POLOH LIMO SUORO/ LHA PDIP DEWE MEK 22 EWU/
NEM ATOS TELONG POLOH PITU SUORO//

SING NGAGETNO/ BANTENG CONGOR POTIH IKI DIGANDOLI AMBEK
BINTANG ABANG POTIH/ YOIKU PARTIE DEMOKRAT SING OLEH SUORO 17
EWU/ LIMANG ATOS WOLONG POLOH ENEM//

AHMAD ZAENURI/ JTV//

SLUG : RUSAK
PROG : PK
JUDUL : PEMILU OMAH ELU RUSAK—T.AGUNG
TGL : 8-4-04

PRESENTER

KIRO KIRO SATUS ENEM WONG DUSUN MIREN / NGRANTI / BOYOLANGU
TULUNG AGUNG/ NGRUSAK OMAH TELU / POLAE GAK ISOK MELOK
COBLOSAN PEMILU / TANGGAL LIMO APRIL NDISIK // OMAH SING DIRUSAK
IKU / DUWEKE SUMAJI / MARYANTO / AMBEK MULYONO //

PKG

IKI OMAH SING DIRUSAK WONG WONG MIREN / NGRANTI BOYOLANGU
TULUNGAGUNG // OMAH OMAH IKI DISAWATI WATU AMBEK WONG
WONG//

ROL PERUSAHKAN

PENDUDUK MANGKEL NANG SING DUWE OMAH TELU IKU / POLAE GAK
ISOK MELOK COBLOSAN PEMILU TANGGAL LIMO APRIL WINGINANE //
PENDUDUK DISEMAYANI ISOK NYOBLOS NANG DESO GESIKAN / PAKEL
TULUNGAGUNG / MASIYO KTP-NE TEKO DUSUN MIREN //

WONG WONG IKU NJALUK NYOBLOSE DILEH NANG DESO GESIKAN //
WONG TELU SING DUWE OMAH MAU / NYEMAYANI APE NGURUS NGELIH
NYOBLOSE MAU // TAPI NANG TPS DESO GESIKAN / WONG WONG IKU GAK
DIREKEN / POLAE KTP-NE TEKO DÈSO NGRANTI //

MARI NGRUSAK OMAHE SUMAJI / WONG WONG IKU NERUSNO NGRUSAK
OMAHE MULYONO AMBEK MARYANTO // AKIBATE / PAGER OMAH JEBOL /
GENTENG / KOCO / AMBEK BEKAKAS OMAH LIYANE / AJUR MUMUR /

WONG WONG IKU MANGKEL AMBEK WONG TELU SING GAK ISOK NGELIH
NGGONE COBLOSAN MAU // WONG WONG MARENI NGRUSAK OMAH TELU
IKU / SAK MARINE DIPARANI POLISI TEKO POLRES TULUNGAGUNG //

ARMAN ERLANGGA / RADIO JOSH TULUNGAGUNG NGREPOTNO GAE JTV //

SLUG : PUNGLI
JUDUL : STIKERISASI GAE PRAOTO NANG PERAK—SBY
PROGRAM : PKB
TANGGAL : 8 APRIL 04

PRESENTER

STIKERISASI Gawe Praoto nang pelabuhan Tanjung Perak/ rawan keneK pungutan liar// perkorone nggak onok patokan teko adpel tanjung perak//

Rong ulan sakjeke diberlakokno stiker gawe kendaraan jenis praoto / sing operasi nang tanjung perak/ durung oleh tanggapan teko sopir sopir praoto // pirang-pirang praoto sik akeh sing durung nemplekno stiker mau //

Karepe stikerisasi iki gae nertibno/ nglancarno/ operasional/ ambek ngampangno ngawasi kendaraan angkutan darat/ sing riwa-riwi nang pelabuhan perak//

Stiker iku/ gawe kendaraan teko suroboyo// sak liyane teko suroboyo bendarane kudu ngurus pas khusus// onoke pas utowo tondo mlebuaki nggarai rawan kedadean pungli//

Gawe jenis forklift/ sing abot momotan sepuluh ton/ isok keneK pungli sepuluh ewu repes// gawe momotan limang ton/ keneK limang ewu // tapi nduk prakteke/ petugas ambek sopir isok ngrembukno rego mau//

Jarene ismanto priو/ humas adpel suroboyo/ onoke pungli perkorone nggak onok patokan rego gawe ngganti stiker/ gawe praoto teko njobo suroboyo//

NOVA SARI/ BASRI AFANDI/ JTV//

SLUG : SEKOLAH RUSAK
JUDUL : WALIKOTA NANGGEPI SEKOLAH RUSAK – SUROBOYO
PROGRAM : PKA
TAYANG : 8 APRIL 2004

WALIKOTA SUROBOYO BAMBANG DH NGAKONI NEK DEK'E PANCENE WIS
NOLAK MAEN DODING NANG KONRAKTOR SING RENCANA E KAPENE
NDANDANI ENEM SEKOLAH SD NANG SUROBOYO SING RUSAK.// MASIYO
NGONO CAK BAMBANG IKI GAK GELEM DIARANI ANTI MAEN DODING.//

PKG

DINAS PENDIDIKAN SUROBOYO SAK JANE WIS NGAJOKNO DISPOSISI
NANG WALIKOTA SUROBOYO SUPOYO LANGSONG NDODING
KONTRANTOR SING SIAP NDANDANI SEKOLAH SEKOLAH SD SING
DIANGGEP RUSAK SUPOYO ISOK NDANG CEPET MARI/ TIMBANGANE
KUDU LIWAT LELANG/ SING BIASANE MOLOR MOLOR TEROS.//

TAPI JARENE BAMBANG NOLAK'E NDODING IKU MERGO DEK'E IKI
UWONG SING ANTI MAEN DODING.// SENG JELAS DEK'E GAK GELEM
DIARANI MACEM MACEM/ TERMASOK SAMPEK DIPAIIDO AMBEK WONG
WONG LIYO MERGO MAEN DODING/ UTOWO GAK LIWAT JALUR LELANG.//

MALAHAN BAMBANG NYARANNO SUPOYO MELOK PROSES LELANG
BARENG BARENG SING KAPENE DIADAKNO RONG MINGGU MANEH.// TAPI
NEK PANCENE ENGKOK LELANG IKI NGGARAI PROSES PEMBANGUNAN
SEKOLAH DADI MOLOR/ BARU DEK'E NDODING SOPO SING PANTES
NANDANGI PROYEK IKI.// PRIORITASE ENGKOK YOIKU NDANDANI
SEKOLAH SING RUSAK NEMEN.//

FRANCISKUS RISKI/ JTV.//

SLUG : BONEK DICEKAL
PROGRAM : PK AWAN
JUDUL : BONEK GAK ONOK HUBUNGANE AMBEK STRUKTURAL-SBY
TANGGAL : 8 APRIL 04

PRESENTER :

SURAT IMBAUAN PERSIJA JAKARTA/ CEK PERSEBAYA GAK NGIRIM BONEK NANG JAKARTA DITANGGEPI SERIUS KETUA HARIAN PERSEBAYA/ HAJI SUSANTO// SANTO NGARANI PERSIJA SALAH ALAMAT/ POLAE BONEK GAK ONOK HUBUNGAN STRUKTURAL AMBEK PERSEBAYA//

-----PKG-----

KETUA HARIAN PERSEBAYA/ HAJI SUSANTO NGARANI PENGURUS PERSIJA SALAH ALAMAT// PERSIJA NGIRIM SURAT IMBAUAN PERKORO SUPORTER PERSEBAYA/ NANG PENGURUS PERSEBAYA// OPO MANEH SURAT IKU ISINE NGLARANG PERSEBAYA NGGOWO SUPORTERE NANG JAKARTA/ TANGGAL LIMOLAS APRIL ENGGOK/ PAS AREK-AREK GREEN FORCE NANTANG PERSIJA//

SEMENTARA PEMBINA SUPORTER PERSEBAYA/ WASTOMI SUHARI/ GELO AMBEK SURAT TEKO THE JAKMANIA/ SING NGETOKNO ONOKE PERKORO ANTARANE BONEKMANIA AMBEK JAKMANIA// PADAHAL KONDISI SUPORTER PERSEBAYA SAIKI WIS MALIH//

WASTOMI SUHARI/ PEMBINA YAYASAN SUPORTER SUROBOYO/ NJLENTREKNO SUPORTER PERSEBAYA IKU GAK CUMAK TEKO SUROBOYO/ TAPI ONOK SING MANGGON NANG JAKARTA AMBEK DAERAH KIWO TENGENE// DEKE KEPINGIN PANITIA UTOWO PENGURUS PERSIJA LUWIH BIJAKSANA NEK ONOK BONEK SING TEKO/ GAK LANGSUNG DIUSIR//

ABDIJL ROZAK/ ARIFIN/ ZAM-ZAMI PUTRA LANGIT JTV//

SLUG : CORET,
PROGRAM : PK AWAN
JUDUL : PERSELA NYOREK OYE AMBEK FRIDEY
TANGGAL : 8 APRIL 2004

PRÉSENTER :

PEMAIN PERSELA DICOREK MANEH PENGURUS TIM LASKAR JOKO
TINGKIR// MARI SUGIYANTO/ SAIKI GILIRANE STRIKER PERSELA/
G'BENEME FRIDAY AMBEK PEMAIN MBURI PERSELA/ OYEDEPO OYEBODE
GEORGE SING DICOREK//

PKG-----

DICOREKE PEMAIN IKI GAK KEDUGO G'BENEME FRIDAY AMBEK OYODEPO
OYEBODE GEORGE// KABAR DICOREKE OYEDEPO AMBEK FRIDEY TEKO
TIM PERSELA/ DIOMONGNO LANGSUNG SING NGETREN PERSELA/ RIONO
ASNAN//

RIONO DUWE ALASAN KHUSUS/ DADI SETUJU DICOREKE PEMAIN LORO
IKU// MAUNE TEKO KASIL EVALUASI PENGURUS/ SING DIPIMPIN KAJI
MASFUK// SEMENTARA KAJI FADELI HASAN/ ASISTEN MANAJER PERSELA/
NGOMONG FRIDEY DICOREK/ POLAE CIDERAE SUWE MARINE// LHA
DICOREKE OYEDEPO/ POLAE KUALITAS MAINE ELEK//

RIONO ASNAN/ PELATIH PERSELA (BHS JAWA)

IN :

OUT :

PENGURUS PERSELA LANGSUNG NGGOLOK PEMAIN ANYAR/ KHUSUSE
PEMAIN ASING// DICOREKE PEMAIN LORO IKU// CEK PERSELA OLEH
PEMAIN SING LUWIH APIK//

AHMAD ZAINURI-JTV

SLUG : UJI AREMA
PROGRAM : PK AWAN
JUDUL : AREMA NGGASAK MP 5-0 - MALANG
TANGGAL : 8 APRIL 2004

PRESENTER :

UJI COBA TERAKHIR/ TIM AREMA NGGASAK MONGSOHE MOJOKERTO
PUTRA/ LIMO KOSONG// PERTANDINGAN SING DIADAKNO NANG STADION
GAJAYANA WINGI SORE IKU CHARLES HORIK NGLEBOKNO BAL PENG
PAPAT/ NANG GAWANGE MOJOKERTO PUTRA //
-----PKG-----

PESTA GOL HORIK DIMULAI MENIT WOLULEKOR LIWAT KOP-KOPAN//
TEROS MENIT PETANG POLOH/ SAK DURUNGE BABAK SIJI MARI/ SKOR
LORO KOSONG GAE AREMA//

BABAK LORO/ HORIK NAMBAH GOL MANEH MENIT SEKET PITU// LHA
STRIKER VETERAN/ NANANG SUPRIYADI/ URUN NGLEBOKNO LIWAT
TENDANGAN FIRST TIME-E/ SING NJEBOL GAWANGE MOJOKERTO PUTRA//
GAK LEGO AMBEK TELONG GOL/ HORIK MEKSO KIPER MOJOKERTO
PUTRA/ NJUPUK BAL NANG GAWANGE MANEH//

MARI PERTANDINGAN/ SING NGETREN AREMA GETUN/ POLAE AKEH
PELUANG MUSPRO// TAPI BENNY DOLLO TETEP LEGO NONTOK MAINE
ANAK ASUHE//

BOY FEBRIANTONO// JTV

SLUG : BUNUH
PROGRAM : POJOK KAMPUNG
JUDUL : MAYAT TINGGAL DI KEBUN TEBU
TAYANG : 09 APRIL 2004

MAU SORE / RONGKOE MENUNGSO SING WIS SUWE MATEK / DITEMOKNO
NANG KEBUN TEBU / DUSUN AMBENG-AMBENG/ NGINGAS/ KECAMATAN
WARU/ SIDORJO //

-----PKG-----

RONGKO IKU DITEMOKNO / JUMAT SORE PUKUL LIMO SORE // SING WERO
PERTAMA / WONG KONO / YOIKU IWAN SING NGUBER LA YANGAN NANG
KEBUN TEBU//

RONGKO IKU DITEMOKNO MLUMAH // IWAN LANGSUNG NGANDANI
TONGGO TONGGOE / TERUS REBOT PAMONG DESO / SING NERUSNO NANG
POLISI//

LIKUN KAKA—PENDUDUK (JOWOAN)

IN :

OUT :

POLISI TEKO POLSEKTA WARU/ SING TEKO GAK SUWE MARI DIREPOTI
PENDUDUK / LANGSUNG NGIDENTIFIKASI MAYIT SING WIS DADI RONGKO
MAU //

KANIT RESKRIM POLSEKTA WARU/ IPTU IMAM T/ DURUNG ISOK
MASTEKNO RONGKO IKU LANANG TA WEDOK // KIRO KIRO RONGKO IKU /
MENUNGSOE WIS MATI KIRO KIRO RONG WULAN NDISIK // RONGKO IKU
SAIKI DIGOWO NANG BAGIAN FORENSIK RUMAH SAKIT KARANG
MENJANGAN SUROBOYO //

HERU DWI/ JOKO AGUS/ LUKMAN ARIEF/ JTV//

SLUG : TABRAK
ACARA : PK AWAN
JUDUL : BUNUH DIRI NERAK SEPOR-MLG
TANGGAL : 9APRIL04

PRESENTER :

DIPERKIRAKNO BUNUH DIRI/ WONG WEDOK SETENGAH KEWUT KETAM
KETERAK-SEPOR TANGKI NDEK JALAN KARYA BARAT KECAMATAN
BLIMPING KOTA NGALAM// KORBAN GAK DUWE IDENTITAS IKI
DITEMOKNO WONG-WONG KIRO-KIRO JAM PAPAT PARAK ISUK//
-----PKG-----

DITEMOKNOE MAYIT GAK ONOK IDENTITASE / NDEK-JALAN KARYA
BARAT NGALAM IKI SEMEPTE NGGARAI GEGER GENARO KONO//
KORBANNE WONG WEDOK SETENGAH KEWUT/DITEMOKNO KETA
KETERAK SEPOR// WAKTU DITEMOKNO KORBAN MENGKUREP NANG
TENGAH BAN SEPOR/ SEPARO AWAKE AJOR/ AMBEK NDASE REMEK//.

JARE SAKSI MOTO/ KORBAN IKU DUDUK GENARO KONO// KEBUKTI
GENARO-GENARO KONO GAK ONOK SING KENAL// NUR YASIN
NJLENTREKNO TENGERANE KORBAN YOIKU AWAKE LEMU AMBEK
RAMBUTE DOWO// SAK JAM SAK MARINE KEDADEAN/ KORBAN SIK TAS
DIEVAKUASI DIGOWO NDEK RUMAH SAKIT SAIFUL ANWAR KOTA
NGALAM//

AMIN TOHARI JTV//

SLUG : UPAL
PROG : POJOK KAMPUNG BENGI
JUDUL : PENGEDAR DUWIK PALSU DIBEDIL WONG GAK DIKENAL
TANGGAL : 9 APRIL 2004

PRESENTER:

PENGEDAR DUWIK PALSU SATOS EWU REPES-AI DIBEDIL NANG NGAREPE RAMAYANA BUNGURASIH/ PUPUE DITEMBUS PELOP AMBEK GEGERE KENEK BEDIL SAMPEK MLEBU NANG WETENGE//

-----PKG-----

WONG SING DIBEDIL IKU JENENG HERMAWAN/ AREK JEMBER// JARE SAKSI MOTO/ DIPERKIRAKNO SING MBEDIL IKU POLISI/ POLAE SAK DURUNGE MBEDIL HERMAWAN/ WONG IKU MBEGOK "JANGAN LARI"//

KEDADEAN IKU KIRO-KIRO JAM LORO AWAN// JARE MUJIB/ WONG MBECAK SING BIASA MANGKAL NANG KONO/ NJELENTREKNO KEDADEAN IKU MAUNE ONOK WONG LANANG PREJENGANE KOYOK INTEL GEDE DUKUR GONDRONG/ NODONGNO BEDILE NANG HERMAWAN/ MARI MBEGOK! HERMAWAN SING MLAYU AMBEK KONCOE IKU LANGSUNG DIBEDIL//

MUJIB—TUKANG BECAK

IN :
OUT :

RENCANA HERMAWAN API TRAKASI DUWIK PALSU RONGPOLOH JUTA REPES/ PAS WEROH NEK DJEBAK/ HERMAWAN LANGSUNG MLAYU NUMPAK BRONFIT AMBEK KONCOE// HERMAWAN RUMONGSO DJEBAK KONCOE TEKO LUMAJANG/ POLAE WEROH KONCOE IKU NGECE NANG MONTOR PENTER/ AMBEK KONCOE SING API TUKU DUWIK PALSU MAU//

DIPERKIRAKNO POLISI NJEBAK HERMAWAN AMBEK KONCOE SING DUWE DUWIK PALSU IKU/ POLAE KONCOE IKU DITELEKI POLISI PERKORO MALSU DUWIK// BARANG BUKTI SING DIAMANO POLISI POLRES SUDARJO/ DUWIK PALSU PECAHAN SATOS EWU REPES AKEHE RONG POLOH JUTA REPES// SAIFI HERMAWAN DIRAMUT NANG RUMAH SAKIT KARANG MENJANGAN SUROBOYO//

JOKO AGUS/ JTV //

SLUG : KLELEB
ACARA : POJOK KAMPUNG BENGI
JUDUL : KALI WONOKROMO NJALUK TUMBAL—SBY
TANGGAL : 9 APR 04

PRESENTER

KALI WONOKROMO SORE MAU NJALOK TUMBAL MANEH// TUMBAL SING
KLELEB IKU JENENGE GATOT / TELUNG POLO LIMO TAON/ AREK PULO
TEGAL SARI GANG LIMO // SAMPEK BRITA IKI DIDIUKNO / AREK IKU
DURUNG DITEMOKNO//

-----PKG-----

NASIPE AREK PULO WONOKROMO GATOT IKI APES// SAMPEK BENGI IKI/
SIK DITELEKI TIM SAR BRIMOB POLDAM JATIM// MERGO/ GATOT / BAPAK
ANAK LORO IKI/ KLELEB NANG KALI WONOKROMO//

KEDADEAN KLELEPE GATOT PUKUL TELL SORE MAU// WAKTU IKU /
GATOT NGEMONG ANAKE NOMER LORO / SING JENENGE IVAN/ NUMPAK
PRAU TAMBANG NANG KONO // GAK ONOK SING NGONGKON/ UJUG-UJUG
GATOT PEMANASAN KOYO APE RENANG// ANAKE SING DIPANGKU/
DIDEKEK // GATOT PAMIT SUGIONO / TUKANG TAMBANG / JARE APE
BLAJAR NGLANGI //

GAK LIDOK/ GATO'I SING PENGGAWEANE DODOL TIKET MONTOR MULUK
NANG JUANDA / AMBEK GAK ISOK NGLANGI IKI/ LANGSUNG AE KLELEB//
WONG SAK PRAU TAMBANG NYOBAK NULUNG/ TAPI KOYOK ONOK SING
NARIK TEKO NGISOR BANYU// SAMPEK SAIKI/ GATOT DURUNG KETEMU //
TIM SAR SING NELEKI MULAI PUKUL LIMO / DURUNG NEMOKNO TONDO-
TONDO AWAKE GATOT NANG ENDI //

JARE YULI SUGIONO KETUA RT/ KALI IKU ANGKER// WIS BOLAK-BALIK
NJALOK TUMBAL // NASIPE GATOT PANCEN APES// AREK IKU NUMPAK
PRAU / PAS PIKRANE KOSONG// TRUS ONO SING NGEJAK DEKE
NYEMPLUNG KALI// GATOT BAKAL KETEMU/ NEK ONOK WONG PINTER
SING NJALUK NANG SING MBAUREKSO KALI// WUJUDE/ BAJOL PUTIH//

PULUNG AJI/ JTV//

SLUG : CABUL
ACARA : PK AWAN
JUDUL : CACAK NGRUDO PEKSO ADIKE SAMPEK METENG-PAS
TANGGAL : 10APRIL04

PRESENTER :

KELAKUAN BEJAT SUYONO UMUR WOLULAS TAON/ AREK DESO
JIMBARAN KECAMATAN PUSPO PESURUAN IKI PANCEN NEMEN/ ADIK CER-
E SING JENENG MAWAR UMUR LIMOLAS TAON DIRUDO PEKSO SAMPEK
METENG PETANG WULAN// KEDADEAN IKI KONANGAN SAK MARINE
WETENGE MAWAR MULAI GEDE//

-----PKG-----

KEDADEAN IKI MAUNE SUYONO/ AREK DESO JIMBARAN PESURUAN GAK
KUAT NAHAN PISTOL GOMBYOKE/ PAS NONTOK AWAKE ADIKE SING
MULUS AMBEK PADET// GAE NYALURNO NAPSU BEJATE / SUYONO
NGEJAK ADIKE AMBEK INCIMAN/ POLAE WEDI MAWAR NURUT AE//

WAKTU IKU OMAHE SUYONO SEPI/ SUYONO NYUDUKNO PISTOL
GOMBYOKE NANG EMPAL ALUSE MAWAR SAK TUWUKE/ LHA KEDADEAN
IKU WIS DILAKONO PENG PINDO// POLAE NGRASAKNO ENAK/ SUYONO
NJALUK IMBUH MANEH/ NJEKETEK KONANGA CACAK IP-NE SING JENENG
SUTAR// NONTOK KEDADEAN NGISIN-ISINE IKU SUTAR LANGSUNG
NGAJAR SUYONO SAMPEK NYONYOR//

SAK MARINE KEDADEAN IKU AKHIRE MAWAR METENG PETANG WULAN//
KEDADEAN IKU NGGARAI PENDODOK KONO MUNTAP// POLISI AKHIRE
NGAMANNO SUYONO NANG MAPOLRES PESURUAN// JARE ADE SAFRIE
SIMANJUNTAK/ KASAT RESKRIM POLRES PESURUAN/ KELAKUAN BEJAT
WONG-WONG IKU POLAE PENGARUH VCD PORNO SING NYEBAR BEBAS//

MOKAMAD SOBARI JTV//

Jadwal Acara Harian JTV

Senin	Selasa
13.00 Pojok Kampung Awan	13.00 Pojok Kampung Awan
13.30 Selendang	13.30 Berlian
14.00 Kelakar	14.00 Kelakar
15.00 Pojok Medhuroan	15.00 Pojok Medhuroan
15.30 Stasiun Musik	15.30 Stasiun Musik
16.30 Conan the Advanture	16.30 Conan the Advanture
17.00 Pojok Limo	17.00 Pojok Limo
17.30 Berlian	17.30 Up Close
18.00 Pojok Pitu	18.00 Kembang Sore
18.30 Kembang Sore	18.30 Pojok Pitu
19.00 Diiin... Brodin	19.00 Gendam
19.30 Kuis RT RW	19.30 Ngelantur Star
20.30 Pojok Perkoro	20.30 Omah Doyong
21.00 Pojok Kampung Bengi	21.00 Pojok Kampung Bengi
21.30 Salam VOA	21.30 Lobi
22.30 Pojok Arena	22.30 Pojok Arena
23.00 Kidungan Rek	23.00 Ndugem

Rabu	Kamis
13.00 Pojok Kampung Awan	13.00 Pojok Kampung Awan
13.30 Up Close	13.30 Berlian

17.00	Pojok Limo	16.30	Suedepe Rek
17.30	Teen News	17.30	Berlian
18.00	Seandainya Aku Terpilih	18.00	Pecinan
18.30	Pojok Perkoro	18.30	Pojok Perkoro
19.00	PLN Ceria	19.00	Klab Rendezvouz
20.00	Sorot	20.00	Bonek
20.30	Ghoib	20.30	Pojok Kampung Bengi
21.00	Pojok Kampung Bengi	21.00	Wayang Kulit
21.30	Oto – J		
22.30	Pojok Arena		
23.00	Sentuhan Cinta		

Minggu

13.00	Pokoke Nyanyi	18.30	Pojok Perkoro
13.30	Selendang	19.00	Sulap Embongan
14.00	Dangdut Mania	19.30	Horor Srimulat
15.00	Selendang	20.00	Maestro
15.30	Kuapok!	20.30	Dangdut Get
16.00	Kuis Anak Cerdas	21.30	Cangkruk'an
17.00	Pojok Limo	23.00	Campur Sarian
17.30	Cabe Rawit	23.30	Embong Malam
18.00	Mlaku-Mlaku		